D+S
M

Égliz-Sajès
Mt 18,15-20
23e d. o. A

08-09-2008 Nativité de Notre-Dame
09-09-2008 S. Pierre Claver

1. Si frè-ou péché, alé pran-l pou kont li — Mt 18,15
Fè-l kèk répròch, pou-l chanjé konduit ;
Si-l kouté voua-ou, li réprann bon chémin
Ou-a sèvi kòz pou-ou sové frè-ou la.

R. Si dé moun dakò pou mandé kichòy, — Mt 18, 20
Papa-m ap ba yo-l antan-l nan sièl,
Koté dé toua moun rasanblé o non-m,
Mouin la nan mitan yo byin vivan.

2. Si-l pa kouté, pran dé-toua moun ak ou, — Mt 18,16-17
Pou yo sèvi témouin tout bagay ;
Si-l pa kouté, al di légliz la sa ;
Si-l pa kouté, l-ap kon moun déyò.
3. Ninpòt kisa nou maré sou tè-a, — Mt 18,18
L-ap rét maré anro nan sièl la ;
Ninpòt kisa nou lagé sou tè-a,
L-ap rét lagé anro nan sièl la.
4. Si dé nan nou méte voua yo ansanm — Mt 18,19
Sou tè-a minm, pou réglé tout kòz,
Sa yo mandé, l-ap rivé vré pou yo,
Nan min Papa-m antan-l nan sièl la.
5. Si réyèlman gin dé oubyin toua moun — Mt 18,20
Ki rasanblé o-non mouin minm minm,
Mouin la prézan nan mitan yo minm minm,
M-ap lapriyè, Papa-m ap réponn.
6. Légliz Bondié sé yon sèl kò-d-fanmiy
Tout manb li yo ginyin minm lavi ;
Sa-k fè péché, li jinnin tout kò-a,
Gin santinèl ki pou avèti-l. — Ez 33,7-9
7. Jodi-a minm fò-n kouté Granmèt la, — Ps 95,7-8
Pa fèmin kè-n, nou sé pèp pak li,
L-ap korijé-n, l-ap rédrésé chémin-n,
Pou-n rétounin, pou nou jouinn lavi.